

Dwa Pasyan ki Entène

NAN ETA NOUYÒK
SANT SIKYATRI
BIWO SANTE MANTAL



Office of
Mental Health

Lalwa ak règleman Eta Nouyòk pwoteje dwa moun ki entène nan Sant Sikyatri ki nan Nouyòk yo.

Bwochi sa a pale de dwa sa yo, ak sa w ka fè si w panse yo pase dwa w yo - oswa dwa yon moun ou konnen anba pye.

Chak moun ki antre nan youn nan lopital nou yo dwe resevwa swen ak tretman selon bezwen yo. Yo atann pou moun k ap travay nan lopital la bay tretman selon konpetans yo, bonjan sekirite epi ak jantiyès, epi yo dwe demontre yon respè total pou diyite pasyan ak entegrite pèsonèl li.

Komisè

Sa I gen ladan I

Dwa ak lwa yo	2
Admisyon dapre lalwa sou Ijyèn Mantal.....	2
Admisyon dapre lalwa sou pwosedi kriminèl ak koreksyonèl	4
Vi prive ak Konfidansyalite	7
Travay ak Edikasyon.....	8
Kominikasyon.....	8
Manda sou swen sante ak enstriksyon ki avanse.....	10
Dwa w pou w resevwa bonjan swen.....	10
Dwa w pou w refize	11
Restriksyon ak Izòlman.....	11
Operasyon ak lòt tretman.....	12
Rechèch.....	13
Dosye kriminèl	13
Ranwwa.....	13
Asistans legal pou ou	14
Rele pou w mande èd	15

Dwa ak lwa yo

Pifò moun entène nan sant sikyatri Eta Nouyòk yo daprè Lwa sou Ijyèn Mantal. Si w se youn nan moun sa yo, ou gen aksè ak yon seri lwa ki fondamantal. Kèk nan lwa sa yo konplè e yo pa ka gen limit ladan yo. Gen lòt menm lalwa ka enpoze limit ladan yo pou rezon medikal. Si ou entène dapre Lwa sou Pwosedi oswa Lwa koreksyonèl la, plizyè kritè ka aplike sou dwa w yo.

Si yo mete limit nan dwa w yo akoz rezon medikal, yo dwe esplike w fondman desizyon sa epi ekri sa nan dosye w. Yo dwe di ki kaantite tan limit yo enpoze yo ap dire a.

Ou ka fe apèl pou kèlkeswa limit yo mete sou dwa w yo. Ou dwe rankontre Direktè lopital ou ye a anvan. Gen èd ki disponib tou nan Sèvis Legal Ijyèn Mantal (Mental Hygiene Legal Service), komite vizitè nan lopital ou ye a, ak Sant Jistik Pwoteksyon Moun Ki gen Bezwèn Espesyal Yo ki nan Eta Nouyòk. Nimewo telefòn yo chak dwe parèt nan seksyon "Inpatients Rights" sou afich ki nan sant sikyatri a. Anplwaye yo ka ede w jwenn nimewo sa yo tou, epi nan fen bwochi w ap jwenn lòt sous enfòmasyon.

Admisyon dapre lalwa sou Ijyèn Mantal

Lè w antre lopital, w ap resevwa yon avi ki di w nan ki pwen w ye ak dwa w genyen pou w resevwa asistans Sèvis Legal Ijyèn Mantal.

Lè yon moun antre nan yon sant sikyatri nan Nouyòk dapre Lwa sou Ijyèn Mantal la, admisyon an tonbe anba youn nan twa kategori jeneral yo: enfòmèl, volontè ak envelopontè.

Admisyon Enfòmèl se lè yon moun mande tretman e li rete lopital la san okenn aplikasyon ki fòmèl oswa ki ekri. Si se nan fason sa ou antre lopital la, ou lib pou w ale nenpòt ki lè.

Admisyon Volontè se lè yon moun ki gen 16 lane oswa plis aplike alekri pou admisyon. Si moun nan gen pi piti pase 18 lane, paran an, moun ki responsab selon lalwa a, moun k ap voye je sou li a oswa paran ki pwòch moun nan ka gen dwa depoze yon aplikasyon nan non l.

Antanke yon pasyan ki rete nan lopital la volontèman, ou ka fè yon demann ekri pou w mande pou w ale. Si w gen pi piti pase 18 an, se moun ki te fè demann pou w rete lopital la, yon lòt moun ki gen menm relasyon avè w oswa ki pi pwòch ou, oswa Sèvis Legal Ijyèn Mantal la ki pou fè demann pou w ale.

Yo dwe kite yon pasyan volontè ki fè yon demann alekri pou l kite lopital la ale sof si Direktè sant sikyatri a panse li ranpli kondisyon pou admisyon envelopontè e l dwe rete. Nan ka sa, direktè a dwe voye yon demann otorizasyon pou l kenbe pasyan bay yon jij nan yon delè 72 èdtan.

Si ou entène antanke yon pasyan volontè oswa enfòmèl, yo dwe di w nan ki pwen w ye epi ba w enfòmasyon sou dwa w, sa gen ladan dwa w pou w gen aksè ak Sèvis Legal Ijyèn Mantal. Anplis de sa, direktè sant sikyatri a ak Sèvis Legal Ijyèn Mantal la dwe revize pwogrè chak pasyan, volontè oswa enfòmèl pou yo ka wè si pasyan an annezi pou l rete nan estati sa oswa si li vle, e yo dwe fè revizyon sa yon fwa pa ane.

Admisyon Envolontè ka fèt nan youn nan twa fason sa yo:

1. Sètifika Medikal, sa ki mande pou de doktè analize moun nan epi bay garanti li bezwen swen envelopontè ak tretman nan yon etablisman swen sikyatu. Yo konn bay sa ti non "two p.c." - yon abreje pou "two physicians certify." Sètifika sa dwe mache ak yon aplikasyon pou admisyon, yon moun ki abitye ak pasyan ranpli (pa egzanp, yon moun ki responsab selon lalwa, moun k ap gade l la, yon paran pwòch, sikyat k ap ba l swen an oswa yon moun k ap viv avè l) oswa youn pami ofisyèl nan gouvènman ka ranpli l.

Si w entène lopital envelopontèman e w gen yon sètifika medikal pou sa, oswa se chanje eta w chanje, yo ka kenbe w nan yon sant sikyatri pandan 60 jou pou pi plis. Si ou menm - oswa yon fanmi w, zanmi w oswa Sèvis Legal Ijyèn Mantal - panse w pa bezwen entène sou baz envelopontè, ou menm oswa nenpòt nan moun nou te mansyone yo ka aplike pou yon odyans nan tribinal pou sa.

Lè 60 jou a rive, oswa nan menm peryòd la ann apre, Direktè sant sikyatri a dwe mande yon jij otorizasyon pou kenbe w antanke yon pasyan ki gen estati envelopontè. Yo dwe di w kilè yo vle voye

yon aplikasyon konsa, e ou gen dwa pou w refize e pou w Sèvis Legal Ijyèn Mantal la oswa pwòp avoka w reprezante w nan odyans lan.

2. Sètifica yon direktè sèvis kominotè bay, oswa yon doktè ki la pou egzamine yon direktè sèvis kominotè chwazi.

Sètifica sa a deklare moun nan gen yon maladi mantal ki ka lakòz gwo dega sou moun nan ak lòt moun e se poutèt sa fòk li entène pou l jwenn swen ak tretman ki apworiye.

Si se nan fason sa ou entène, yon sikiyat dwe egzamine w nan yon delè 72 èdtan. Si sikiyat la konfime ou ranpli kondisyon pou admisyon enveloplè a daprè sètifica medikal la, yo ka kenbe w nan sant sikiyatri a pandan 60 jou pou pi plis. Pwosedi pou yo kenbe w pou plis ke 60 jou a, ak dwa pasyan genyen pou l al nan odyans la, se menm sa ki mansyone nan Seksyon 1, ki pi wo a.

3. Admisyon ann ijans ki baze sou deklarasyon ki fè konnen moun nan gen yon maladi mantal ki ka lakòz gwo dega sou li ak lòt moun e se poutèt sa fòk li entène pou l jwenn swen ak tretman ki apworiye.

Si se nan fason sa ou entène, yon sikiyat dwe egzamine w nan yon delè 48 èdtan. Si li konfime ou ranpli kondisyon pou admisyon ann ijans, yo ka kenbe w nan sant sikiyatri a pandan 15 jou pou pi plis. Pou yo kenbe w pandan plis pase 15 jou, ou dwe ranpli kondisyon pou sa, e yo dwe chanje estati w pou admisyon enveloplè daprè yon sètifica medikal. (Gade Seksyon 1, ki pi wo a, pou w ka wè deskripsyon dwa w genyen pou w ale nan odyans.)

Admisyon dapre lalwa sou pwosedi kriminèl ak koreksyonèl

Moun yo ka entène e yon sant sikiyatri ka kenbe yo selon dispozisyon Lwa sou Pwosedi Kriminèl (Criminal Procedure Law, CPL) oswa Lwa Koreksyonèl la.

- Yon moun ki fèmen nan prizon k ap tann jijman oswa santans li ka entène nan yon sant sikiyatri daprè Seksyon 508 nan Lwa

Koreksyonèl la. Admisyon sa gen menm valè ak yon admisyon envelopontè ki fêt selon Lwa Sou Ijyèn Mantal la, sof ke pasyan anba kòd e l rete sou siveyans moun ki responsab prizon yo.

- Yon moun ki gen akizasyon kriminèl sou do l, ki pa kapab oswa ki petèt pa anmezi pou l konprann pwosedi yo oswa defann tèt li, ka entène selon youn nan plizyè òdonans tribunal la daprè Atik 730 nan Lwa sou Pwosedi Kriminèl la. Yon avi pou konsiltasyon mande pou yo kenbe moun nan lopital la pandan 30 jou pou pi plis toutpandan yon sikyat ap egzamine l. Si sa nesesè pou fini ak konsiltasyon an, jij la ka otorize pou kenbe moun nan you yon lòt 30 jou ankò pou pi plis.

Yon avi pou entène oswa pou kenbe moun nan angaje moun ki gen akizasyon sou do l la e ki enkapab e yo pou suiv pou yon krim nan, pou yon peryòd ki dire youn oswa de lane, Yo ka kenbe yon moun ki gen yon akizasyon sou do l sou baz youn nan òdonans sa yo pou pi plis de-tyè nan santans maksimòm li te ka resevwa si yo deklare li koupab. Nan moman youn nan òdonans yo espire, moun nan dwe chanje estati pou l pase nan admisyon dapre Lwa sou Ijyèn Mantal - enfòmèl, volontè oswa nan - volontè - oswa egzeyate.

- Yon moun yo deklare inosan pou yon krim poutèt sa lalwa rele yon "maladi oswa pwoblèm" mantal ka entène nan yon lopital sou desizyon yon tribunal selon Seksyon 330.20 Lwa sou Pwosedi Kriminèl la. W ap jwenn: òdonans pou evalyasyon ki oblige moun nan entène pou yon peryòd 30 jou pou evalyasyon yon sikyat; òdonans sivil kote moun nan entène selon sa yon jij enpoze pou yon moun ki malad mantal; ak òdonans kote yo entène moun nan paske li gen yon twoub mantal ki danjere ki mande pou yo mete l nan yon kote ki an sekirite.
- Yon moun ki fèmen nan prizon ka entène nan yon lopital ki an sekirite daprè Seksyon 402 nan Lwa Koreksyonèl la. Tribunal la dwe bay otorizasyon alavans, sof si gen ijans. Pasyan an, oswa moun ki reprezante l la, ka mande yon odyans. Si yon moun entène sou baz ijans, li dwe chèche gen otorizasyon tribunal la aprè sa.

Dwa Sivil

Lefètke w nan yon sant sikyatri pa vle di ou pa dwe asime dwa sivil ou. Selon lalwa ou toujou gen dwa pou w anregistre epi vote nan elekson, dwa klasman ak nominasyon nan fonksyon publik la ak dwa pou w genyen, pèdi oswa pou yo refize w yon lisans, pèmi, privilej oswa lòt avantaj nenpòt lwa te ka ba ou.

Ou gen dwa tou pou yo pwoteje w kont abi ak move tretman anplwaye oswa lòt rezidan yo. Si ou panse ou sibi abi mantal, vèbal, seksyèl oswa fizik, oswa si ou wè sa rive yon lòt moun, tanpri pote plent kou sa posib.

Dwa Pèsonèl

Tout moun ki nan sant sikyatri Eta Nouyòk yo gen dwa yo site nan seksyon sa a, sof si gen yon dispozisyon espesyal yon lòt lwa - tankou Lwa sou Pwosedi Kriminèl oswa Lwa Koreksyonèl pou moun ki entène daprè lwa sa yo - bay ki diferan.

Ou gen dwa pou w gen:

- Rad pèsonèl apwopriye.
- Yon anviwonman ki pwòp e ki gen sekirite ladan l.
- Yon rejim alimanterè ki ekilibre e ki nourisan.
- Pratike reliyion ou vle, oswa pa gen okenn reliyion.
- Libète pou w pa sibi abi ak move tretman anplwaye oswa lòt rezidan yo.
- Zouti apwopriye pou w fè twalèt ou ak ijyèn pèsonèl ou.
- Yon kantite espas depo rezonab e ki an sekirite pou rad ak lòt bagay pèsonèl.
- Entimite rezonab lè w ap dòmi, benyen ak lòt kote nan twalèt.
- Resewwa vizitè nan moman rezonab, gen entimite lè w ap resewwa vizit, epi kominike san pwoblèm anndan oswa pa deyò sant sikyatri a.
- Swen medikal ak dantè ki apwopriye.
- Yon plan pèsonalize pou tretman ak patisipasyon aktif nan devlopman plan sa a.

- Kontakte direktè batiman an, Sèvis Legal Ijyèn Mantal la, komite vizitè nan lopital la, oswa Sant Jistis ki nan Eta Nouyòk la pou w poze nenpòt kesyon oswa pou w depoze yon plent. (Adrès ak nimewo telefòn yo afiche nan lopital yo, e kék ladan yo parèt nan do bwochi sa.)

Dwa ki mansyone pi wo a pa dwe sèvi pou pinisyon oswa paske lide yon anplwaye di l. Dwa sa yo dwe la sèlman lè yon doktè bay yon òdonans. Òdonans sa dwe nan dosye medikal ou epi li dwe di konbyen tan ak rezon medikal ki jistifye limitasyon sa.

Vi prive ak Konfidansyalite

Lalwa ba w dwa pou w gen vi prive ak konfidansyalite tou lè w ap pale ak moun k ap konsilte w oswa trete w ak konfidansyalite nan dosye medikal ou ak lòt enfòmasyon sou ou.

Biwo Sante Mantal ap ba ou yon Avi Pratik Vi Prive apa ki pral di w kijan nou itilize ak pataje enfòmasyon konfidansyèl sou tretman sante mantal ou. L ap di w tou ki dwa w genyen konsènan enfòmasyon tretman sante mantal ou, epi kiyès ou ka kontakte si w gen kesyon oswa yon plent sou fason nou te itilize oswa pataje dosye tretman w yo.

An jeneral, yo pa dwe pataje enfòmasyon sou ou sof si ou menm oswa reprezantan legal ou bay yon pèmisyon ekri. Sepandan, nan sikoranski limite, lalwa pèmèt oswa egzije pataj dosye oswa enfòmasyon yo ak kék moun oubyen antite. Pa egzanp, ajans gouvènman yo ak konpayi asirans yo ka resewwa enfòmasyonnesè pou fè pèman pou sèvis yo bay. Nan pifò ka, ap gen yon deklarasyon nan dosye w, e ou gen dwa pou w konn sa k ladan l, men fok ou mande sa.

Yon sant sikuatri ka vle pran foto w pou yo ka ba w yon kat idantifikasyon ki gen foto sou li. Ou gen dwa pou w gen enfòmasyon sou rezon an ak sa yo pral fè ak foto a, e y ap pran an konsiderasyon kèlkeswa sa w ta ka gen pou w di sou sa.

Yo ka egzije moun ki entènè daprè Lwa sou Pwosedi Kriminèl la ounyen Lwa Koreksyonèl la pou l gen foto nan dosye l nan kad aplikasyon lalwa.

Travay ak Edikasyon

Yo pa ka egzije w fè okenn travay sof pou w pran swen bagay ou posede ak kote w ap viv la lè w kapab.

Sepandan, travay rete youn nan mwayen gerizon yo, se poutèt sa etablisman Biwo Sante Mantal leta yo bay opòtinite pou travay oswa fòmasyon pwofesyonèl ki respekte lwa travay eta ak federal yo.

Yo dwe pale w de travay ak fòmasyon pwofesyonèl ni aloral ni alekri. Yo dwe di w konbyen y ap peye w, chak kilè y ap peye w, fason yo kalkile kòb w ap touche a, konbyen yo retire sou chèk ou e esplikasyon sou sa. Yo dwe mete w okouran de dispozisyon sou règleman Biwo Sante Mantal yo konsènan travay ak fòmasyon pwofesyonèl.

Si w gen ant 5 ak 21 lane, ou gen dwa ak menm sèvis edikasyon ak fòmasyon ou genyen si w pa t nan sant sikiyatri a.

Kominikasyon

Andikap

Lopital la gen aksè pou moun ki andikape. Sa valab tou pou andikap ki mande èd ak sèvis oksilyè pou asire yo gen bon jan kominikasyon. Pa egzanz: yo ka enprime dokiman yo nan gwo karaktè pou moun ki gen pwoblèm nan je yo oswa yo ka ba yo yon vèsyon odio pou ranplase yon video; yo ka bay moun ki gen pwoblèm pou yo tandé yo aparèy pou ogmante volim telefòn yo, yo ka mete soutit pou yo oswa lòt zouti ki apwopriye ki reponn ak bezwen l yo.

Pou moun ki pa tandé ditou ak moun ki itilize Lang Siy Ameriken tanpro gade seksyon ki vin annapre a ki gen pou tit Aksè ak Kominikasyon.

Aksè ak Kominikasyon

Si w pa pale Anglè (sa gen ladan moun ki bèbè e ki itilize Lang Siy Ameriken) oswa ou ta prefere itilize lang matènèl ou, y ap mete yon

entèprèt ki kalifye a dispozisyon w. Sa aplikab tou pou moun nan fanmi w ki gen pèmisyon w e ki vle pale ak ekip ki responsab tretman w lan, men ki pa pale Anglè.

Lèt

Ou ka voye oswa resevwa yon lèt ki byen fèmen, ki pa ouvri e ki konplè sof si ekip ki responsab tretman w lan deside gen kèk limit ki nesesè pou byennèt ou oswa byènnèt lòt moun.

Yo dwe avèti w sou nenpòt restriksyon sou lèt ou a, e ou ka fè apèl ak desizyon an devan direktè sant sikuatri ou ye a.

Si gen yon bagay ki anpeche w li oswa ekri, ekip ki responsab tretman w lan ap chwazi yon moun nan ekip yo a pou i oswa ekri pou ou, e y ap bay yon tan rezonab pou sa fèt. Si w pa pale Anglè, yon moun ki pale lang ou pale a ap ede w lè sa nesesè.

Telefòn

W ap gen yon aksè rezonab ak yon telefòn.

Vizitè

Ou gen dwa pou w gen vizitè nan yon moman rezonab, e pou w gen entimite pandan y ap vizite w la. Ou gen dwa tou pou w refize vizit.

Doktè w dwe ekri tout restriksyon ki gen sou vizit e y ap pale de sa avè w alavans. Òdonans sa dwe nan dosye medikal ou. Li dwe gen jistifikasyon medikal pou limitasyon an epi presizye pou ki peryòd tan l ap rete ann aplikasyon.

Gadyen

Si legalman ou enkabab pandan w ap resevwa tretman nan yon sant sikuatri, yon jij ka chwazi yon gadyen pou pran desizyon nan plas ou.

Jij la ap deside si yon gadyen nesesè e kiyès y ap chwazi (an jeneral yo ka chwazi zanmi ak fanmi, si yo kalifye). Ou gen dwa pou w gen yon reprezentan Sèvis Legal Ijyèn Mantal la oswa yon lòt avoka w pou pwosesis la.

Manda sou swen sante ak enstriksyon ki avanse

Ou gen dwa pou w ranpli yo manda sou swen sante, sa ki bay yon ajan swen sante dwa - yon lòt gramoun pou pran desizyon konsènan swen sante pou ou si ou pèdi kapasite pou w pran desizyon. Ou gen dwa tou, selon lalwa eta Nouyòk konsènan enstriksyon ki avanse yo - yon enstriksyon moun ekri konsènan dispozisyon sou swen nan ka moun nan ta make kapasite pou pran desizyon sou swen sante. Lè w entène, lopital la pale w de dwa sa yo e, lè w mande sa, y ap bay w yon fòmilè k ap pèmèt ou chwazi yon ajan epi ofri w plis èd.

Dwa w pou w resevwa bonjan swen

Ou gen dwa pou w gen yon plan tretman pou ou sèlman. Plan tretman de baz sa ap gen ladan deklarasyon sou objektif tretman an, pwogram ki apwopriye yo, tretman oswa terapi y ap bay pou atenn objektif yo ak delè pou revizyon pwosesis yo. Ou swe gen opòtinite pou w patisipe toutotan w kapab nan etabli ak revize plan tretman endividiyèl ou a. Sa gen ladan dwa w genyen pou w mande pou yo revize plan an.

Ou gen dwa pou w resevwa sèvis ki adapte ak bezwen w yo yon fason konpetan, ki an sekirite e ki janti. Selon lalwa eta ak federal yo, anplwaye yo pa dwe fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, sèks, kwayans, reliyion, laj, peyi moun nan sòti oswa kalite ak gravite andikap moun nan.

Antanke yon moun ki entène, w ap resevwa konsiltasyon medikal ak konsiltasyon pou dan de tanzantan. Tretman pou pwoblèm medikal ak pwoblèm dan yo disponib, epi gen suivi apwopriye ki fèt lè sa nesèsè.

Yo dwe itilize medikaman sèlman pou swen terapeutik, ak si gen efè segondè pou swaye efè sa yo, ansanm ak tretman altènatif ki disponib, yo dwe eksplike w tout detay sa yo.

Si w gen yon maladi oswa w blese grav, y ap di yon fanmi w oswa yon bon zanmi w ou te chwazi sa imedyatman.

Dwa w pou w refize

Ou gen dwa pou w refize nenpòt swen ak tretman, e pou w fè apèl pou yon desizyon yo pran ou pa dakò. Si w refize, ekip ki responsab tretman an dwe degaje yo pou yo bay yon lòt tretman oswa pwosedi ou aksepte.

Yo dwe esplike w medikaman oswa lòt tretman medikal yo chwazi pou ou. Si w refize, ou gen dwa pou w mande pou Biwo Sante Mantal la ak yon tribunal revize konplètman tretman yo pwopoze w la ak rezon kifè w refize l la. Sof nan ka yon ijans, ou paka ba w yon tretman ou refize san tribunal la pa bay otorizasyon pou sa, e ou gen dwa pou w mande Sèvis Legal Ijyèn Mantal la oubyen yon lòt reprezantan ede w nan demach administratif ak tribunal.

Restriksyon ak Izòlman

Restriksyon ak Izòlman pasyan se dènye mezi yo ka aplike pou evite blesi, epi règleman Biwo Sante Mantal la fè konnen yo dwe itilize mezi sa yo sèlman lè gen ijans.

Aparèy espesyal doktè yo ka preskri pou restriksyon yo ka gen ladan yo dispozitif restriksyon kat-pwen, dispozitif restriksyon senk-pwen, dispozitif restriksyon pwanyè-jiska-senti, ak dra ki fèt pou kalme. Yo atann pou anaplwaye yo itilize dispozitif restriksyon ki pi fèb la ki apwopriye e ki bay bon rezulta.

Izòlman se lè yo mete yon moun poukонт li nan yon chanm e l pa ka sòti lè l vle.

Ou ka bay restriksyon oswa izole yon moun si yon doktè ekri sa nan yon òdonans ki base sou konsiltasyon pèsònèl. Si yon doktè pa disponib imedyatman, yon klinisyen ki ansyen ka kòmanse pwosesis la pandan l ap tann doktè a rive sèlman si pasyan reprezante yon danje imeda pou tèt li oswa lòt moun.

Yon òdonans valid pou pi plis youn-de èdtan pou grammoun e pou renouvre yon preskripsyon, doktè a dwe fè yon lòt konsiltasyon epi ekri yon lòt preskripsyon. Tout pandan ou nan restriksyon oubyen izòlman,

yo dwe kontinye siveye w epi pran siy vital ou regilyèman. Yo pa dwe itilize restriksyon ak Izòlman pou bay pinisyon, oswa lè lide anplwaye yo di yo oswa pou ranplase yon tretman, e yo pa dwe itilize presyon ki egzajere.

Tousuit aprè yon restriksyon oubyen izòlman, epi kou w vle sa, anplwaye yo dwe egzamine rezon kifè yo fè w sa avè w. Yo dwe eseye idantife ansanm avè w kisa ki te ka fèt yon fason differan epi kijan nou ka evite yon ijans alavni.

Yo atann pou pwogram asirans kalite lopital yo gen kontwòl sou restriksyon ak izòlman.

Operasyon ak lòt tretman

Yo pèmèt operasyon, terapi pou chòk, gwo tretman medikal oswa medikaman oubyen pwosedi eksperimental sèlman si gen yon otorizasyon apwopriye pou sa.

Y ap aplike jan de pwosedi sa yo sèman si ou bay konsantman w, sof si ou gen pi piti pase 18 lane oswa yon jij deside ou manke kapasite pou w bay konsantman w pou yon tretman. Sa vle di w ap apwouve pwosedi a lè yo fin ba w enfòmasyon konplè e ki klè sou avantaj posib yo ak danje sa gen ladan l.

Si ou gen pi piti pase 18 lane oswa ou manke kapasite pou w bay konsantman w pou yon tretman, se yon fanmi pwòch ou, yon ajan swen sante (moun yo chwazi nan manda swen sante a), yon ranplasan tribinal la chwazi, yon komite ranplasan ki la pou pran desizyon oswa yon jij, ki ka bay otorizasyon pou aplike pwosedi yo. Sepandan, menmsi gen konsantman yon ranplasan, yo pa ka aplike pwosedi si moun nan refize e pa gen ijans pou sa, sof si moun nan sou estati enveloplè e yo te ba l posibilité pou l jwenn rekou lajistis ak rekou administratif pou desizyon an.

Si gen ijans, direktye sans sikiyatri a ka bay otorizasyon pou aplike yon pwosedi ki nesesè pou sove lavi oswa pwoteje moun nan fizikman san konsantman moun. Yo pa konsidere terapi yo fè pou chòk kòm yon tretman ijan, e direktye yon sant sikiyatri pa ka otorize itilizasyon l pou yon pwosedi ijan.

Rechèch

Ou ka patisipe nan yon rechèch sèlman si sa pa an konfli ak tretman pèsonèl ou. Aksepte oswa refize patisipe nan yon rechèch pap fe w pèdi okenn dwa, privilèj oswa pwoteksyon lalwa bay.

Ou gen dwa pou w refize patisipe nan nenpòt aktivite fòmasyon yo fe pou anplwaye ki pa gen okenn rapò ak plan tretman w lan.

Dosye kriminèl

Lè w entène, yo fe yon verifikasyon otomatik nan òdinatè pou yo ka wè si w pa gen dosye kriminèl. Yo ka rezime epi mete enfòmasyon Depatman Sèvis Jistik Kriminèl la nan dosye kriminèl ou, byenke yo dwe elimine rapò a nan yon delè de semèn aprè yo fin resewva l. Y ap ba w yon avi ekri pou fe w konnen yo pral pran enfòmasyon sou dosye kriminèl ou e gen posibilité pou yo mande korije enfòmasyon ki pa kòrèk yo.

Ranvwa

Si ou te entène daprè Lwa sou Ijyèn Mantal la, y ap voye w al jwenn kominote a aprè ekip ki responsab tretman an oswa yon jij deside ou pa bezwen rete nan lopital la pou w resewva swen oswa tretman.

Y ap prepare yon plan sèvis pou ou anvan yo yoye w ale. Ou menm ansanm ak reprezantan ki otorize a, si w gen youn, dwe gen posibilité pou l patisipe afon nan devlopman pan sa a.

Plan an gen ladan:

- Deklarasyon sou bezwen w, si w genyen, sipèvizon, medikaman, sèvis aprè swen ak èd pou w jwenn travay.
- Yon rekòmandasyon byen detaye sou kalite kay ou dwe rete ak yon lis sèvis ki disponib nan kay sa.

Anplwaye yo dwe verifye ak depatman sèvis sosyal nan zòn nan, epi voye aplikasyon ki nesesè pou asistans piblik, Medicaid, Revni Sekirite Siplementè (Supplemental Security Income, SSI) anvan yo voye w ale.

Y ap voye moun ki entène daprè Lwa sou Pwosedi Kriminèl la oswa Lwa Koreksyonèl la ale sou baz sa lwa sa yo gen ladan yo.

Asistans legal pou ou

Sèvis Legal Ijyèn Mantal (Mental Hygiene Legal Service, MHLS) bay sèvis legal, konsèy ak asistans, sa gen ladan reprezantasyon, konsènan tout sa ki gen rapò ak tan w te fè nan lopital la. MHLS se yon ajans Lakou Siprèm Eta Nouyòk, e li pa fè pati Biwo Sante Mantal oswa nenpòt sant sikyatri. Anplwaye MHLS yo se avoka oswa travayè sosyal ki gen yon eksperyans nan domèn legal. Travay yo se pou yo ede w konprann epi pwoteje dwa w antanke pasyan.

Si w refize entène, MHLS ka planifie yon odyans nan tribinal pou ou devan yon jij, ki pral deside si w dwe rete. Si w pa gen avoka pa w, MHLS ka swa reprezante w oubyen ba w yon avoka. Yo ka jwenn yon opinyon nan men yon lòt sikyat.

MHLS ede pasyan yo nan lòt fason, sa gen ladan fè envestigasyon sou plent pasyan yo fè pou abi ak move tretman yo sibi.

Tout pasyan, fanmi yo ak lòt moun ki travay nan non pasyan yo gen dwa pou kominike san pwoblèm e an prive ak reprezantan MHLS yo nenpòt lè. Non, adrès biwo ak nimewo telefòn manm reprezantan MHLS yo afiche nan chak sant sikyatri, epitou anplwaye yo oblige bay pasyan yo enfòmasyon sa si yo ta mande yo sa. Anplis de sa, chak tablo telefòn ki nan sant sikyatri a ka konekte yon moun k ap rele a yon MHLS oswa bay moun nan nimewo telefòn nan. Tout sèvis MHLS yo gratis.

Rele pou w mande èd

Biwo Sante Mantal Eta ofri yon liy telefòn
san peye pou relasyon kliyan. Rele:

1-800-597-8481

Nimewo pou moun ki pale Espanyòl (En Español) k ap rele yo se:

1-800-210-6456

Pou kontakte Sant Jistis pou Pwoteksyon Moun ki gen
Bezwen Espesyal, rele san peye nan:

1-855-373-2122

Pou w kontakte Komisyón Miks la oswa pataje enkyetid
ou konsènan òganizasyon sa a, rele nan:

1-800-994-6610

oswa voye yon imel bay

complaint@jointcommission.org.